# Shet yel ha’m xali’qarali’q birge islesiw

## Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha ma`mleketlik dizimge alıng`an shet el investitsiyaları qatnasındag`ı ka`rxanalardın` jumısları haqqında.

Respublikamızda shet el investorları ushın ken` qolaylıqlar jaratılıp berilmekte, atap aytqanda O`zbekistan Respublikası Prezidentinin` 2017 jıl 7 fevral` ku`ngi «O`zbekistan Respublikasın bunnan bılay rao`ajlandırıo` boyınsha ha`reketler strategiyası haqqında»g`ı PP-4947 sanlı Pa`rmanına muo`apıq investitsion sha`rayattı jaqsılandırıo` tiykarında ma`mleketimizdin` ekonomika tarao`ları ha`m aymaqlarına shet el investitsiyaların belsende tartıo`g`a ayrıqsha itibar berilmekte.

Sonday-aq, O`zbekistan Respublikasında investitsion ha`reketlerdi alıp barıo` boyınsha qabıl etilgen 50 den zıyat normativ-huquqıy hu`jjetler, atap aytqanda “Shet el investitsiyaları haqqında”g`ı, “Investitsiya ha`reketi haqqında”g`ı, “Shet el investorlarının` huqıqların qorg`ao` boyınsha kepillikler ha`m ila`jlar haqqında”g`ı Nızamların aytıp o`tsek boladı. 2016 jıl dao`amında respublika boyınsha ja`mi 10 jan`a shet el investitsiyaları qatnasındag`ı ka`rxanalar ma`mleketlik dizimge alıng`an bolsa, 2017 jıldın` 6 ayı ishinde 4 ka`rxana dizimge alındı. Na`tiyjede, respublikanın` No`kis qalası ha`m barlıq rayonlarında shet el investitsiyaları qatnasındag`ı ka`rxanalar is ju`ritpekte. Dizimge alıng`an shet el investitsiyalar qatnasındag`ı ka`rxanalardın` tiykarg`ı u`lesi No`kis qalası (18), Qon`ırat (8) ha`m Xojeli (7) rayonlarına tuo`rı keledi.

Bul ka`rxanalar ha`r tu`rli tarao`larda is ju`ritpekte, ma`selen: farmatsevtika, xızmet ko`rsetio`, jen`il sanaat, qurılıs materialların islep shıg`arıo`, qurılıs, azıq-ao`qat sanaatı, neft` ha`m gaz sanaatı ha`m tag`ıda basqa tarao`larda.

Bul ka`rxanalarda 3 mın`g`a jaqın adam jumıs penen ba`nt bolıp, 2016 jılda olar ta`repinen 1 970 mlrd. sumnan zıyat o`nimler islep shıg`arılıp xızmetler ko`rsetildi. Sonnan a`melge asırılg`an eksport mug`darı 373,7 mln. dollardı quradı. Islep shıg`arılg`an o`nimler qatarında polietilen ha`m polipropilen granulalar, boyan tamırı ekstraktı, iyirilgen jip, natriy sul`fatı, artemiya tsistaları ha`m avtomashinalarg`a janılg`ı gaz quyıo`, meditsina, miymanxana xızmetleri ko`rsetilgenligin aytıp o`tsek boladı.

Bul ka`rxanalar jer ju`zinin` 15 ten zıyat shet el ma`mleketleri investitsiyaları qatnasında du`zilgen bolıp, Qıtay, Rossiya, Qubla Koreya, Ullı Britaniya, Qazaqstan ha`m basqa ma`mleketler investitsiyaları qatnasında du`zilgen. Bulardan mısal retinde jaqında Qon`ırat rayonında iske tu`sirilgen polietilen ha`m polipropilen granulaların islep shıg`arıo` boyınsha O`zbekistan ha`m Qubla Koreya investitsiyaları qatnasındag`ı “Uz-Kor Gas Chemical” qospa ka`rxanası, A`mio`da`r`ya rayonındag`ı paxtadan iyrilgen jip islep shıg`arıo`shı “Amudaryotex” Ullı Britaniya sırt el ka`rxanaların aytıp o`tsek boladı.

Bu`gu`ngi ku`nde, shet el investitsiyaların tartıo` barısında Qıtay ma`mleketinen investitsiyalar mug`darı artıp barmaqta, dizimnen o`tken shet el investitsiyaları qatnasındag`ı ka`rxanalardın` ulıo`ma mug`darınan 26 ka`rxana Qıtay ma`mleketi investitsiyaları qatnasındag`ı ka`rxanaları esaplanbaqta.

Ma`selen, Qarao`zek rayonındag`ı qurılıs materialı bolg`an tsement o`nimin islep shıg`arıo` boyınsha “Titan tsement” JShJ QK, Shımbay rayonındag`ı boyan tamırı ekstraktın islep shıg`arıo` boyınsha "Lanekstrakt" JShJ QK, Taxtako`pir rayonındag`ı “Kegeyli ekstrakt” JShJ QK, Qon`ırat rayonındag`ı “Zelenıe rasteniya izvlech`” JShJ, artemiya tsistaların qayta isleo` boyınsha Moynaq rayonındag`ı “Shuan yuan`” JShJ QKları respublikamız ekonomikasında a`hmiyetli orınlarına iyelik etip kelmekte. Sonday-aq, 2017 jıl dao`amında boyan tamırın qayta isleo` boyınsha “Lanko miya” JShJ, “Fubo Nukus” Qıtay shet el ka`rxanası, “Kegeyli lakritsa” JShJ ha`m t.b. ka`raxanalar iske tu`sirilio`i rejelestirilmekte.

Sonday-aq, respublikamızg`a shet el investitsiyalarının` mug`darın asırıp, shet el investitsiyaları qatnasındag`ı ka`rxanaların qollap-quo`atlap ha`m olardın` sanın ko`beytio` boyınsha jumıslar dao`am etpekte.

O`zbekistan Respublikası Prezidentinin` 2017 jıl 31 mart ku`ngi “O`zbekistan Respublikası Investitsiyalar boyınsha ma`mleketlik komitetin sho`lkemlestirio` haqqında”g`ı PP-4996 sanlı Pa`rmanına ha`m 2017 jıl 4 aprel` ku`ngi “O`zbekistan Respublikası Investitsiyalar boyınsha ma`mleketlik komiteti ha`reketin sho`lkemlestirio` is-ila`jları haqqında”g`ı PQ-2868 sanlı qararına muo`apıq Qaraqalpaqstan Respublikası investitsiyalar boyınsha komiteti sho`lkemlestirildi. Onın` tiykarg`ı o`azıypaları bolıp to`mendegiler esaplanadı.

Birden-bir ma`mleketlik investitsiya sıyasatın du`zio` ha`m ju`ritio`, sonnan ekonomika tarao`ların ha`m ma`mleket aymaqlarına investitsiyalardı tartıo`, respublikadag`ı investitsiya sha`rayattı ja`nede jaqsılandırıo`, shet el kapitalı qatnasındag`ı ka`rxanalardın` rao`ajlanıo`ın qollap-quo`atlao` ha`m shet el investitsiyaların tartıo`;

O`zbekistan Respublikası aymag`ında investitsiya ha`reketlerin ken`eytirio` maqsetinde ja`nede qolay sha`rayatlardı jaratıo` tarao`ında normativ-huquqıy bazanı ja`nede jaqsılandırıo` is-ila`jların islep shıg`ıo` ha`m a`melge asırıo` tiykarg`ı o`azıypalardı atqaradı.

***Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esi Ma`limleme xızmeti***

*Ko'rip shi'g'i'ldi':*

Izlew